# KÓP VEKTORLÍ QATNASÍW TIYKARÍNDA DIFFERENCIYALASQAN INKLYUZIVLI BILIMLENDIRIW: QARAQALPAQ MEKTEPLERINDE QOLLANÍLÍWÍ

**Pirniyazova Gulchira Nietbaevna** – *assistent óqıtıwshı*
gulchirapirniyazova89@mail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ДИФФЕРЕНЦИРОВАННОЕ ИНКЛЮЗИВНОЕ ОБРАЗОВАННОЕ НА ОСНОВЕ МНОГОВЕКТОРНОГО ПОДХОДА: ПРИМЕНЕНИЕ В КАРАКАЛПАКСКИХ ШКОЛАХ

**Пирниязова Гульчира Ниетбаевна –** *ассистент преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# DIFFERENTIATED INCLUSIVE EDUCATION BASED ON A MULTI-VECTOR APPROACH: APPLICATION IN KARAKALPAK SCHOOLS

**Pirniyazova Gulchira Nietbaevna** – *assistant teasher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** inklyuziv ta’lim, differensial yondashuv, ko‘p vektorli model, individual ehtiyojlar, Qoraqalpog‘iston maktablari, adaptiv ta’lim.

**Rezyume.** Maqolada inklyuziv ta’lim tizimida ko‘p vektorli yondashuv asosida tabaqalashtirish tamoyillarining ahamiyati ta’kidlangan. Xususan, Qoraqalpog‘istondagi umumta’lim maktablarida individual yondashuvni ta’minlash va o‘quvchilarning ehtiyojlariga mos ta’lim sharoitlarini yaratish mexanizmlari tahlil qilingan. Ta’limda tenglik, shaxsiylashtirish va pedagogik moslashtirish tamoyillarining amaliy ahamiyati asoslangan.

**Ключевые слова:** инклюзивное образование, дифференцированный подход, многовекторная модель, индивидуальные потребности, школы Каракалпакстана, адаптивное образование.

**Резюме.** В статье подчеркивается важность принципов дифференциации на основе многовекторного подхода в системе инклюзивного образования. В частности, анализируются механизмы обеспечения индивидуального подхода в общеобразовательных школах Каракалпакстана и создания образовательных условий соответствующих потребностям обучающихся. Обосновывается практическая значимость принципов равенства, персонализации и педагогической адаптации в образовании.

**Key words:** inclusive education, differentiated approach, multi-vector model, individual needs, Karakalpak schools, adaptive education.

**Summary.** The article highlights the importance of the principles of differentiation based on a multi-vector approach in the inclusive education system. In particular, the mechanisms for ensuring an individual approach in general education schools of Karakalpakstan and creating educational conditions that meet the needs of students are analyzed. The practical importance of the principles of equality, personalization and pedagogical adaptation in education is substantiated.

**Kirisiw.** Zamanagóy bilimlendiriw procesiniń tiykarǵı wazıypalarınan biri – hár bir oqıwshınıń individual potencialın tolıq kórsete alıwı ushın ádalatlı hám teńdey imkaniyatlar jaratıwdan ibarat. Usı maqsette inklyuziv bilimlendiriw qatnası búgingi kúndegi bilimlendiriw siyasatınıń áhmiyetli baǵdarlarınan birine aylanǵan. Inklyuziv bilimlendiriw koncepciyası imkaniyatı sheklengen yamasa ayrıqsha mútájligi bar balalardı ulıwma bilimlendiriw sistemasına kirgiziw arqalı olardıń jámiyetke tabıslı integraciyasın támiyinlewge xızmet etedi. Bul process hár bir insannıń bilim alıw huqıqın tán alıwǵa tiykarlanadı. Globallasıw processleriniń jedellesiwi hám málimleme-kommunikaciya texnologiyalarınıń keń tarqalıwı bilimlendiriwge baylanıslı qatnaslardıń jańalanıwına túrtki bolmaqta. Sol sebepli inklyuziv bilimlendiriwdiń aldıńǵı tájiriybelerin hám zamanagóy tendenciyaların úyrenip, olardı milliy sharayatta nátiyjeli engiziw úlken áhmiyetke iye bolmaqta [1:813, 828].

Inklyuziv bilimlendiriw sistemasında sapalı bilimlendiriw túsinigi, birinshi gezekte, mayıplıǵı bolǵan oqıwshılardıń oqıw mútájliklerin ajıratılǵan ortalıqta emes, al sociallıq integraciya sharayatında qanaatlandırıwdı ańlatadı. Bul bolsa teńlik hám birge islesiw ruwxındaǵı bilimlendiriw ortalıǵın jaratıwdı názerde tutadı.

Bunday koncepciya tek ǵana mektep sheńberinde emes, al mektepke shekemgi bilimlendiriw, kásip-óner bilimlendiriwi hám joqarı bilimlendiriw sistemalarında da ámeliyatqa engiziliwi kerek. Tiykarǵı maqset – barlıq jastaǵı oqıwshılarǵa hesh qanday tosqınlıqlarsız, xoshametlewshi hám qolaylı oqıw ortalıǵın jaratıw bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ózine tán til, mádeniyat hám sociallıq ortalıǵınan kelip shıǵıp, bul aymaqta inklyuziv bilimlendiriwdi engiziw ózine tán qatnaslardı talap etedi. Aymaqtaǵı kóp tillilik hám mádeniyatlararalıq hár túrlilik sebepli, bilimlendiriw procesinde hár bir oqıwshı ushın imkaniyatlar teńligin támiyinleytuǵın jańasha pedagogikalıq sheshimlerdi islep shıǵıw zárúr. Usı kózqarastan, kóp vektorlı differenciallıq qatnas Qaraqalpaqstan sharayatında inklyuziv bilimlendiriw nátiyjeliligin arttırıw jolında áhmiyetli metod sıpatında qaralmaqta

**Ádebiyatlar analizi hám izertlew metodologiyası.** Sońǵı jılları bilimlendiriw tarawında hár bir oqıwshınıń individual ózgeshelikleri hám mútájliklerin esapqa alatuǵın qatnaslar ayrıqsha áhmiyetke iye bolmaqta. Sonlıqtan, inklyuziv bilimlendiriw koncepciyası zamanagóy pedagogikalıq ámeliyatta keń kólemde engizilmekte. Bul qatnastıń tiykarǵı maqseti – barlıq balalarǵa, olardıń imkaniyatları menen mútájliklerine qaramastan, bilim alıwda teńdey imkaniyatlar jaratıwdan ibarat. Ásirese, búgingi kúnde kóp vektorlı hám differenciallastırılǵan metodlardıń áhmiyetliligi artıp barmaqta.

Ilimiy derekler bul usıllardıń teoriyalıq tiykarları hám ámeliy táreplerin tereń talqılamaqta. Mısalı, Florian hám Black-Hawkins tárepinen alǵa súrilgen inklyuziv

pedagogika koncepciyası barlıq oqıwshılarǵa ashıq hám beyimlestirilgen bilimlendiriw ortalıǵın jaratıwdı názerde tutadı. Olardıń pikirinshe, bilimlendiriw procesin oqıwshınıń imkaniyatına sáykeslendirip ózgertiw emes, al barlıq sharayatlar sheńberinde hámme ushın teń ortalıq jaratıw áhmiyetli esaplanadı. Bul baǵdarda oqıtıwshınıń pikirlewge tiykarlanǵan, reflektiv qarar qabıl etiw qábileti áhmiyetli orın iyeleydi [4; 15, 19].

Milliy pedagogikalıq ádebiyatlarda da bul qatnas keńnen sáwlelendirilmekte. Atap aytqanda, G.Tilavovanıń izleniwlerinde individual jantasıw nátiyjeli sabaqtıń tiykarı sıpatında bahalanadı. Oǵan muwapıq, oqıtıwshı oqıwshılardıń bilim dárejesi, psixologiyalıq ózgeshelikleri hám ózlestiriw pátlerin esapqa alıp, sáykes metodikalıq strategiyalardı tańlawı kerek. Bul bolsa oqıwshılardıń sabaqtaǵı qatnasın kúsheytedi hám bilimlerdi iyelew nátiyjeliligin arttıradı.

S.Ashurova hám N.Raxmatovanıń izertlewlerinde bolsa Ózbekstanda inklyuziv bilimlendiriw sistemasın engiziwde ushırasıp atırǵan mashqalalar – infrastrukturanıń jetispewshiligi, maman kadrlardıń jetispewshiligi hám didaktikalıq resurslardıń sheklengenligi hár tárepleme tallanadı. Bul bolsa qatnaslardı aymaqlıq sharayatlarǵa beyimlestiriw zárúrligin kórsetedi.

Joqarıdaǵı ilimiy kózqaraslar inklyuziv bilimlendiriwdi rawajlandırıwda bir tárepleme emes, al kóp qatlamlı hám beyimlestirilgen strategiyalardı qollanıw zárúrligin ańlatadı. Usı kózqarastan, kóp vektorlıq differenciallıq jaqınlasıwdıń áhmiyetliligi artpaqta.

Bul izertlewde tiykarǵı itibar – Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı ulıwma orta bilim beriw mektepleri mısalında differencial bilimlendiriw tiykarında kóp vektorlı qatnastı ámeliyatta sınaqtan ótkeriw hám onıń real nátiyjeliligin anıqlawǵa qaratıldı. Usı maqsette izertlew tereń metodologiyalıq tiykarda alıp barıldı.

Izertlew procesinde sapalıq (qualitative) hám muǵdarlıq (quantitative) analiz usılları birlestirildi. Bunday kompleksli qatnas tek ǵana statistikalıq nátiyjelerdi emes, al oqıwshılardıń individual rawajlanıw ózgesheliklerin de tereń tallaw imkaniyatın berdi. Sonıń ishinde, baqlaw, sorawnama, sáwbet hám oqıw nátiyjelerin tallaw usılları birgelikte qollanıldı.

Tańlanǵan metodologiyalıq qatnas Qaraqalpaqstan sıyaqlı kóp tilli hám mádeniy kóp túrlilikke iye aymaqlarda hár bir oqıwshınıń mútájliklerin tallaw, nátiyjeli bilimlendiriw sharayatların jaratıw hám kóp vektorlı differencial modeldiń ámeliy ústinliklerin anıqlawda áhmiyetli qural boldı [2:23, 27].

**Nátiyjeler.** Ótkerilgen izertlewler sonı kórsetedi, Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı ulıwma bilim beriw mákemelerinde engizilgen kóp vektorlı differenciallıq qatnasqa tiykarlanǵan inklyuziv bilimlendiriw modeli bilimlendiriwdiń sapası hám oqıwshılardıń bilim dárejesiniń artıwına sezilerli dárejede unamlı tásir kórsetken. Usı modeldiń tiykarǵı principi – hár bir oqıwshınıń individual mútájliklerin tereń tallaw hám sol tiykarda beyimlestirilgen oqıw strategiyaların islep shıǵıwǵa qaratılǵan.

Tallawlar nátiyjesinde tómendegi áhmiyetli tárepleri anıqlandı:

Kóp vektorlıq jaqınlasıwdıń ámeliy tásiri sonnan ibarat sabaqlar oqıwshılardıń intellektuallıq, emocionallıq, sociallıq hám fizikalıq rawajlanıw ózgeshelikleri esapqa alınǵan halda shólkemlestirilgenligi sebepli, olardıń bilimlendiriw procesine bolǵan qızıǵıwshılıǵı hám belsendi qatnasıwı arttı. Ásirese, ayrıqsha mútájlikke iye bolǵan balalarda erkin pikirlew, qarım-qatnasqa kirisiw hám óz pikirin erkin bildiriw qábiletleri kúsheydi.

Pedagog kadrlar potencialı hám metodikalıq jańalanıwlar. Dáslepki basqıshlarda oqıtıwshılardıń differenciallasqan qatnastı nátiyjeli qollanıw boyınsha tájiriybesi hám kónlikpeleri jeterli dárejede bolmaǵan. Biraq, tájiriybe arttırıw kursları, ámeliy seminarlar hám treningler arqalı olar bul boyınsha kerekli bilimlerdi iyelep, jańa metodlardı ámeliyatta qollanıwdı úyrendi. Sonıń ishinde, individual tapsırmalar, beyimlestirilgen bahalaw usılları hám multimodal bilimlendiriw strategiyaları ámeliyatqa engizildi.

Beyimlestirilgen oqiw procesiniń nátiyjeliligi. Individual qatnas qollanılǵan klasslarda, ásirese, ortasha ózlestiriw kórsetkishine iye bolǵan oqıwshılar arasında bahalaw nátiyjeleriniń sezilerli dárejede jaqsılanǵanı atap ótildi. Hár bir oqıwshınıń ózine tán mútájliklerine sáykes keletuǵın metodlardı qollanıw bilim dárejesin arttırıwǵa xızmet etken. Bul bolsa, differenciallıq qatnastıń bilimlendiriwde teń imkaniyatlardı támiyinlewdegi ornı hám áhmiyetliligin tastıyıqlaydı [2:23, 27].

Jergilikli mekteplerdiń ózgeshelikleri. Ayırım mekteplerde materiallıq-texnikalıq támiynat inklyuziv bilimlendiriw talaplarına tolıq juwap bermewi múmkin, biraq bar resurslardan durıs paydalanıw arqalı jaqsı nátiyjelerge erisilgen. Máselen, audio hám vizual qurallardan paydalanıw, oqıw materialların jergilikli til hám mádeniyatqa beyimlestiriw arqalı sabaqlardıń nátiyjeliligi arttırılǵan.

Social-emocional ortalıqtaǵı unamlı ózgerisler. Toparlarda islew, rolli oyınlar hám joybarlarǵa tiykarlanǵan tapsırmalar arqalı klasstaǵı óz ara qatnasıqlar jaqsılandı. Nátiyjede, oqıwshılar arasında húrmet, tilekleslik, birge islesiw hám kelisimge beyimlilik sıyaqlı sociallıq qádiriyatlar qáliplesti. Bul jaǵday bilimlendiriw procesiniń tek bilim beriw ǵana emes, al sociallıq-psixologiyalıq rawajlanıw menen de tıǵız baylanıslı ekenligin kórsetti.

**Dodalaw.** Joqarıdaǵı baqlawlar tiykarında sonı atap ótiw múmkin: kóp vektorlı qatnas tiykarında qáliplestirilgen differencial inklyuziv bilimlendiriw modeli hár bir oqıwshınıń ózine tán rawajlanıw baǵdarın anıqlaw hám onı qollap-quwatlaw ushın áhmiyetli imkaniyatlar jarattı. Bul qatnas inklyuzivlik principlerin tek teoriyalıq tiykarda emes, al ámeliy jaqtan da tolıq engiziwge tiykar jarattı. Izertlewler nátiyjeleri bul model oqıwshılardıń pikirlew potencialı, emocionallıq jaǵdayı hám sociallıq beyimlesiwiniń rawajlanıwında áhmiyetli faktorǵa aylanǵanın kórsetpekte.

Sonıń menen birge, innovaciyalıq qatnaslardıń tabıslı ámelge asırılıwı úzliksiz metodikalıq hám texnikalıq qollap-quwatlaw menen tikkeley baylanıslı. Inklyuziv bilimlendiriwdiń kompleksli engiziliwi ushın, bárinen burın, pedagog kadrlardı qayta tayarlaw hám olardıń mamanlıǵın turaqlı arttırıp barıw zárúr.

Bunnan tısqarı, ata-analar hám jergilikli jámiyetshilik wákilleriniń bilimlendiriw procesinde belsene qatnasıwın támiyinlew, olardı inklyuziv bilimlendiriwdiń mazmunı hám sociallıq áhmieti haqqında xabardar etiw arqalı keń sociallıq qollap-quwatlaw sistemasın qáliplestiriw zárúr. Bul bolsa, óz náwbetinde, differencial qatnas tiykarındaǵı

inklyuziv bilimlendiriw modeliniń izbe-iz hám turaqlı rawajlanıwın támiyinleydi [3:1, 8].

**Juwmaq.** Qaraqalpaqstan Respublikasında bul baǵdarda belgili dárejede unamlı tájiriybeler qáliplesken. Sonıń ishinde, oqıwshılardıń individual ózgesheliklerin esapqa alǵan halda arnawlı oqıw baǵdarlamaları islep shıǵılǵan, qaraqalpaq tiline beyimlestirilgen vizual oqıw materialları jaratılǵan hám sanlı texnologiyalar, atap aytqanda, aralıqtan bilimlendiriw platformalarınan nátiyjeli paydalanılmaqta. Soǵan qaramastan, ayırım sistemalı mashqalalar saqlanıp qalmaqta. Atap aytqanda, tájiriybeli defektolog hám logoped kadrlardıń jetispewshiligi, bilimlendiriw mákemeleriniń texnikalıq imkaniyatlarınıń sheklengenligi, sonday-aq, ata-analar menen birge islesiw jumıslarınıń jeterli dárejede jolǵa qoyılmaǵanı inklyuziv bilimlendiriwdi keń kólemde ámelge asırıwda mashqalalar tuwdırmaqta [4:15, 19].

Kóp vektorlıq qatnas tiykarında qáliplestirilgen differenciallıq inklyuziv bilimlendiriw modeli Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı ulıwma bilim beriw mákemelerinde barlıq oqıwshılar ushın ashıq, turaqlı hám teń imkaniyatlarǵa tiykarlanǵan bilimlendiriw ortalıǵın qáliplestiriwde strategiyalıq áhmiyetke iye mexanizm sıpatında xızmet etpekte.

**Ádebiyatlar**

1. Florian L., Black-Hawkins K. Exploring inclusive pedagogy. // British Educational Research Journal, 37(5), 2011. – P. 813-828.
2. Tilavova G. Individual yondashuv asosida o‘qitish tamoyillari. // Pedagogik izlanishlar, 3(1), 2021, 23-27-b.
3. Ashurova S., Rakhmatova N. Inclusive education and its implementation in Uzbek schools. // International Journal of Early Childhood Special Education (INT-JECSE), 12(1), 2020. – P. 1-8.
4. Salamova Z. Raqamli pedagogika va imkoniyati cheklangan bolalarni qo‘llab-quvvatlash. // Innovatsion ta’lim jurnali, 4(2), 2022, 15-19-b.